Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № №22-23 (9817) /17 июнь 2019 с. / итни 13 Шавваль 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru




*После распада Советского Союза у молодой России не осталось государственных праздников, на первый план вышли праздники народные-Новый год, Рождество, Пасха.*

*Поэтому президент России Б.Н.Ельцин своим указом утвердил 12 июня праздничным днем, как день принятия Декларации о государственном суверенитете России. Но идея праздника с таким названием, как всенародного, не прижилась в стране, и 1998 году руководством страны праздник предложено было называть День России. Официально же он стал так называться только с 2002 года, когда был принят новый Трудовой кодекс. Сегодня День России воспринимается как символ свободы, самостоятельности и независимости России, как день национального единения всех граждан страны.*

Поздравляем с днем России! Величие и мощь нашей страны вызывают трепет и уважение. Пусть в душе каждого гражданина будет место для любви к своей Родине. Пусть сила духа предков принесет развитие и благополучие, даст силы для великих достижений и веру в прекрасное будущее. Пусть щедрость российской земли принесет достаток и уют, умиротворение и гармонию в каждый дом! Счастья вам и процветания!

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев*
*Председатель Собрания депутатов Г.М.Гирисханов.*

**Уважаемые казбековцы!**

С большой радостью в душе хочу поздравить вас с Днем России. Желаю, чтобы великая и могущественная страна никогда не теряла своей силы, чтобы народ России всегда оставался единым и непобедимым, чтобы дух страны был самым крепким и несломленным.

*Депутат НС РД М.-п.(К.-п.) Д.Умаханов*

С Днем России вас! Мы все Россияне, а значит, нам уже есть чем гордиться. Наша страна-великая держава, надежный оплот с богатой историей, которая дает нам, детям своей страны силы на борьбу с любыми проблемами. Давайте вместе продолжать строить будущее России достойно, а также учить этому своих детей.

*Секретарь политсовета ВПП «Единая Россия»Д.Г.Махачев.*

## 16 июня – День медицинского работника

В третье воскресенье июня жители России, Белоруссии и Украины, по многолетней традиции, отмечают День медицинского работника. Основанием служит Указ Президиума Верховного Совета СССР N3018-X от 1 октября 1980 года **«О праздничных и памятных днях»**, в редакции Указа Президиума Верховного Совета СССР N9724-XI от 1 ноября 1988 года **«О внесении изменений в законодательство СССР о праздничных и памятных днях»**.

## Уважаемые медицинские работники!

Поздравляем Вас с профессиональным праздником. То, что вы делаете для людей, невозможно переоценить. Потому что вы помогаете людям жить полноценной жизнью и очень часто просто спасаете жизни! Желаем вам здоровья, успехов, счастья, профессионализма и признания. Пусть неоценимый, благородный труд будет щедро вознагражден, пациенты послушно исполняют предписания, а родные никогда не пользуются вашими услугами.

*Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.*
*Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.*

## Активалъул данделъиялда…



11 июналда райадминистрациялда тIобитIана районалъул активалъулиградулаб данделъи. Гьенире гIахьаллъана –администрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби, росабазул бутIрул ва гьалбал.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияблъун букIана: **«Районалъул росабалъ бакIал раялъул къагIидаби цIуниялда, экологиялъулгун санитариял нормаби тIураялда сверухъ гьабулеб хIалтIи»,** -ян абураб. Гьелда тIасан кIалъай гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальникасул ишал тIуралев ХI.К.ХIадаевас.

Гьеб данделъиялда районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевасе кьуна **«Дагъистаналъул Миллияв БахIарчи»** абураб цIар ва гьесул каранда бана гьеб тасдикъ гьабиялъул меседил цIва.

Гьеб кьезе вачIарав **«Халкъалъул пикру»** регионалияб Фондалъе нухмалъулев, Дагъистаналъул цIар рагIарав шагIир ХIабиб Даудовас абуна: **«ЗахIматаб яги бигьаяб заманалда рес букIуна лъик1 хIалтIизе ва церетIеялъе нухал ратизе. Гьеб кинабго гьабулеб буго нужер бетIер ХI.ХI.Мусаевас. Гьаб шапакъат ккола тIолабго нужер жамагIаталъе кьолеблъун»,** -ан.

Данделъиялда гIахьаллъарав Дагъистаналъул Халкъияв БахIарчи З.ГIумаровас гьениб абуна: **«ХIажимурадие кьураб шапакъат ккола тIолабго Салатавиялъе кьураблъун. Руго нухмалъулел кабинетахъ рукIунел, руго – халкъалда гьоркьоса камуларел. Нужее нухмалъулев ккола халкъиявлъун. Дица рикIкIуна ХI.ХI.Мусаев, районалъул гIадамалгун цадахъ, гьеб шапакъаталъе мустахIикъавлъун»**, -ан.

Жиндие кьураб тIадегIанаб къиматалъухъ баркалаги загьир гьабун, ХI.ХI.Мусаевас абуна: **«Гьаб шапакъат кьей дие ккана ракIалдаго букIинчIеб ва рекIее кIудияб асар гьабураб лъугьа-бахъинлъун, амма дагьабги ракI бохизабулеблъун буго дир районцоял гьелъулъе гIахьал гьари, гьезул захIматалъе лъикIаб къимат кьейи. Гьай-гьай, лъала шапакъаталъ районалъул букIинисеб дагьабги лъикIлъизабиялда цебе жавабчилъи цIикIкIинабулеб букIинги»,** -ян.

*И.Идрисов.*

## Къот1и гьабуна



6 июналда Санкт – Петербургалда т1обит1араб Халкъалда-гьоркьосеб экономикаялъул форумалда дандч1вана Дагъистаналъул бет1ер Владимир Васильев ва «Россиялъул Почта» г1уц1иялъул генералияв директор Николай Подгузов.

Гьеб дандч1ваялда бицен ккана федералияб почтаялъулгунисел бухьенал лъик1лъизариялъул, церет1езариялъул ва гьелъ халкъалъе гьабулеб хъулухъалъул качество ц1ик1к1инабиялъул.

Гьединго, гьез гьениб бицана Дагъистаналъул халкъалъе, хасго рик1к1адисел росабалъ ругел г1адамазе, почтаялъулал хъулухъал заманалда т1уразариялъул.

Гьеб дандч1ваялъул х1асиллъун ккана почтаялъулгунисел бухьеназда сверухъ раккулел суалал бет1ералде рахъинариялъе х1алт1ул группа г1уц1изе цадахъаб меморандумалда гъулбасал гьариялдалъун.

## Х1урматиял газета ц1алулел!

Унеб буго 2019 соналъул к1иабилеб бащдаб лъаг1алие **«Чапар»** газета хъваялъул кампания. Ниж рохаралги ч1ух1аралги руго нуж нилъер газета хъвалеллъун ва ц1алулеллъун рук1иналдаса. Нужеца нижехъе рач1унел кагътал ц1алулаго, нужер ишал нухда унел гьеч1они, нижер рак1азулъе пашманлъи, рах1атхвей рещт1уна, гьез лъик1ал х1асилал нужее кьолел ругони, ниж рохула.

Нужер лъик1ал макъалаби, куч1дул ва цогидалги материалал, архивалда гурелги, нижеца ц1унула рак1азулъги, т1ад-т1адруссун, ц1алула ва ккаралъур нижеца гьезулъа цо-цо рехсеял, х1ужаби ва гь.ц. х1алт1изарула, гьединго, х1аракат бахъула нужер бадич1ваял ва гьарияль х1исабалде росизе. Нуж гьеч1они, нижер х1алт1и цебехунги унаро.

Г1акълучилъун гуребги, **«Чапар»** ккола цогидазе сайгъат гьабизе бегьулеблъунги. Ц1алдезе бокьулел г1ага-г1унт1аразе, рес рекъеч1езе хъвани, гьеб ккола, нужер рахъалдасан, гьезие гьабураб лъик1аб сайгъатлъун.

Кида газеталъул гьурмазде ралагьаниги, нужеда гьенир ратизе руго рак1ал т1аде ц1алел макъалабиги х1ажатаб информацияги. Гьединго, гьенир нужеда ратила лъималазе, г1олилазе ва ригь аразе малъа-хъваял, абиял, абундачал ва тарихиял баянал.

**«Чапар»** хъвани, нуж лъугьина нижер гьит1инаб коллективалъул божарал гьудулзабилъун. Гьеб хъвазе бегьула росабазул почтаялъул отделениябазда.

**Багьа-286 гъурущ.**

*Х1урматгун редколлегия!*

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

*Депутатазул ишал*

## Сакъатазул гьоболлъухъ…

31 маялда, Халкъалдагьоркьосеб лъимал ц1униялъул къоялъулгун К1албиччаялъул байрамазул х1урматалда ва жиндирго эгизал васазул (Мух1амад ва Адам) гьариялда рекъон, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Г1умаханов щвана нилъер районалъул сакъатал лъималазул реабилитационнияб Централде.

Гьеб дандч1ваялда г1ахьаллъана – депутатасул кумекчаг1и: Сеймур Г1абдулаев, Раисат Х1айбулаева ва социалияб рахъалъ г1адамал ц1униялъул Управлениялъул начальник П. Айтемирова.

Гьеб дандч1ваялда М.-п. (К.-п.) Д. Г1умахановас т1аде щолел байрамалги баркун, абуна: **«Унтаразе, кумек х1ажатазе гьеб гьаби дица рик1к1уна т1адаб налъилъун. Гьединазе кумекалъе рахъин ккола Аллагьасул кириги г1адамазул рахъалдасан баркалаги щолеб ишлъун»,**-ан.



Депутатасда цадахъ рук1аразги лъималаздагун тарбиячаг1азул коллективалда баркана т1аде щолел байрамал. Гьарана гьел т1олазего сахлъи, рохел ва талих1аб г1умру.

К1алъаяздаса хадуб, депутатас ва гьесул лъималаз сакъатазе кьуна бат1и-бат1иял расанк1аби ва гьуинлъабазул пакетал. Лъималазул рохиялъе г1орхьи бук1инч1о, гьез гьалбазе ах1ана ва рик1к1ана куч1дул, гьаруна кьурдаби.

Данделъиялъул ахиралда рехсараб централъе нухмалъулей Фатима Султанмурадовалъ, жиндирго коллективалъул рахъалдасан, гьалбазе рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабуна. Гьарана гьезие ва гьезул хъизабазе сахлъи, рохел, талих1, ракълилаб зоб ва гьарулел ишазулъ бит1ккей.

## Избирателалгун дандчIваялда...



Лъимал ц1униялъул Халкъалдагьоркьосеб ва К1албиччаялъул байрамалъул къоязда цебе РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. Г1умахановас Х1амзаюрт росдал г1олилалгун дандч1вай т1обит1ана.

Гьеб дандч1ваялда г1ахьаллъана – Буртунай росдал бет1ерасул заместитель Насирдин Эльмирзаев, бак1алъул учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел ва диниял церехъаби.

Г1олилазул рах1ат хвезарурал суалазул цояблъун бук1ана бак1алда спортплощадка бук1инаби. Цере лъурал киналниги суалазул хал гьабун хадуб, депутат щвана гьез спортплощадкаялъе т1алаб гьабулеб участокалде.

**«Спорталъ кьола инсанасе сахлъи ва нилъеда цебе ч1араб масъала буго гьит1инаб къоялдаса г1олеб г1елалъе х1ажатал шарт1ал ч1езари. Дун х1алт1изе вуго спортплощадка бук1инабиялъе ресал ратиялда т1ад»,-** ан абуна депутатас.

Данделъи жеги ахиралде щун бук1инч1о депутатасул кумекчаг1аз спортплощадкаялъе х1ажатаб къайи-ц1а гьенибе щвезабураб заманалда.

**«Спортплощадка бук1инабиялъе х1ажатаб кумек дир рахъалдасан нужее камизе гьеч1о»,-** ян абуна М.-п. (К.-п.)Д. Г1умахановас данделъиялъул ахиралда.

*СагIид Алтумирзаев, Ленинаул росу.*

## Районалда - ифтар



2 июналда Дилим росдал аслияб майданалда т1обит1ана районалъул росабазул вакилзаби г1ахьаллъараб ифтар-мажлис.

Гьенире г1ахьаллъана-районалъул бет1ер Х1.Х1. Мусаев, имамзабазул Советалъул председатель А.-р.Качалаев, Дагъистаналъул муфтиясул т1оцевесев заместитель Г1абдула Аджимоллаев, муфтиясул кумекчи К.-х1ажи Темирбулатов, муфтияталъул Северияб территориалияб округалда вугев вакил Ах1мад Надырбеков, росабазул администрациябазул бут1рулгун имамзаби ва диниял х1арактчаг1и.

Т1аде щолеб К1албиччан къо баркун ва малъахъваялгун гьенир к1алъана – Х1.Х1.Мусаев, Г1.Аджимоллаев, К.-х1.Темирбулатов, А.-р.Качалаев, А.Надырбеков ва гьез районцоязе гьарана гьабураб г1ибадат къабуллъи, рохел, сахлъи, гьарулел ишазулъ бит1ккей.

Мажлисалда г1ахьаллъаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна **«Шейх Юсуф» «Чиркей»** группабаз Х1адис Сабиевас, Мадани ва София Ибрагьимоваз ах1арал нашидалгун мавлидаз, Мух1амад Дудуевасул цевевахъиналъ ва Дилим росдал г1олохъабазул г1умруялда хурхун лъураб сценкаялъ. **«Маргьа»** лъималазул ахалъул гьит1ичазул церерахъиназ.



Гьенибго А.-р.Качалаевас баянал кьуна районалда **«Диналъул аслаби ва Мух1амад аварагасул г1умру»** т1ехьалдасан т1обит1араб конкурсалъул х1асилазул. Гьес бицана конкурсалда т1оцебесеб бак1 Гуни росулъа Марият Меджидовалъ ккураблъиялъул, к1иабилеб, - Хадижат Г1абдулбасировалъе (Дилим), ва лъабабилеб - Саида Салибиевалъе (Ленинаул) щвараблъиялъул.

Гьел киналго мустах1икълъана г1арцулал шапакъатазе ва дипломазе.

Гьенибго А.р.Качалаевас баян гьабуна Гуни росулъа Шаг1бан Мух1амадовас ва Мух1амад Х1амзатханов г1олохъанал г1алимазда гьоркьоб т1обит1араб Т1олгороссиялъул конкурсалда т1оцебесеб бак1ал кквей.

Ифтар ахиралде щвана фейерверкал риччаялдалъун. Ифтар-мажлисалъул тадбир махщалида бачана Ах1мад Х1асанхановас.

*И.Идрисов.*

## Жиндирго харжалдалъун…



Районалъул ригь аразул (пред-ль М.ГI.Чупалаев), ЖамгIияб палатаялъул (председатель ХI.А.Адимирзаев) ва ВатIанияб рагъулгун захIматалъул ветераназул (пред-ль Х.ГI. МухIамадхIабибов) советаз «Цогояб Россия» партиялъул нилъер районалда бугеб гIадамал тIаде къабул гьариялъул жамгIияб бакIалде бачIараб ва ТI.ХI.МахIачевасул (рехсараб партиялъул бакIалда бугеб политсоветалъул секретарь ва РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат) цIаралда хъвараб кагътида гьарулеб бугоаан централияб больницаялъул цо-цо отделениябазда гIиси-бикъинаб ремонт гьабиялъе кумек гьабеян.

Гьезул гьариги къабул гьабун, къокъаб заманалда, жиндирго харжалдалъун, ТIалхIат МахIачевас больницаялъе битIун бачIана хIажатабщинаб къайи-цIа (кранал, смесителал, сифонал, трубаби, токил алатал, краска, лампочкаби, светильникал, раковинаби, алюминиялъул радиаторал ваг ь.ц.) ва гьеб больницаялде щвезабуна.

*СагIид Алтумирзаев, Ленинаул росу.*

## К1албиччаялде ярмарка



3 июналда, районалъул росдал маг1ишаталъул Управлениялъул х1аракатчилъиялда ва К1албиччаялъул байрамалъул х1урматалда, Дилим росдал аслияб байданалда т1обит1ана кванил ниг1матазул ярмарка.

Гьенире г1ахьаллъана – **«Хасаевасул ва Къасумовасул», «Гьудуллъи», «Баг1араб Октябрь»** СПКял, **«Дылымское»** ГУП, **«Хубар»** МУП, Сайпула Г1абдулаевасул, Ислам Исламовасул, Г1абдулг1азиз Х1айбулаевасул, Мух1амад Алмасхановасул, Малик Г1алижановасул КФХял, Салман Набиевасул **«Вымпел 1»** ООО ва цо чанго ЛПХял.

Рехсарал маг1ишатаз, базаралъул багьалдаса 20-25% г1одобег1анаб багьаялда, гьенир ричулел рук1ана г1езег1аналго кванил ниг1матал (х1айваналъул, г1иял гьан – 240 ва 300 гъур., ччуг1а, рахьдал бат1и – бат1иял ниг1матал, ц1оросаролъил ханжу, ролъ, охцер, помидор, гъапуст1ан ваг ь.ц.)

Районалъул г1адамазе рес щвана, гьеб тадбиралъул х1асилалда, хирияб къоялде х1адурлъиялъе кванил ниг1матал ч1езаризе.

*Г1. Г1абдулмуслимов, УСХялъул бет1ерав зоотехник.*

*I6 июнь- Медицинаялъул хIалтIухъанасул Къо*

# Баркалаялъе мустахIикъай



Унго-унгояв медицинаялъул хIалтIухъанасе щолел шапакъатаздаса къиматаб букIуна унтараз ракI-ракIалъ кьолеб баркала. Сахлъиялъул къимат унтараб мехалъ гурони лъаларо. Гьеб нилъее бигьалъизабулел чагIиги тохтурзаби ккола. Гьаб заманалда больницабазда,дарабазул рахъалъ,лъикIаб гьечIеб ахIвал-хIал букIин лъала. Гьеб больницабазул хIалтIухъабазул гIайиб кколин аби мекъи букIина. Гьедин букIаниги, гьез хIаракат бахъула бугеб ресалдасан унтаразе кумек гьабизе. Районалъул больницаялда руго жидеца тIаса бищараб махщелалъе ритIухъал медицинаялъул хIалтIухъаби.

Гьединаздасан цояйлъун ккола терапевтическияб отделениялъул медсестра,Гуни росулъа Упият Шапиева.

1990 соналъ школаги лъугIизабун, гьей ц1ализе лъугьана МахIачхъалаялъул медучилищеялде.

1994 соналъ,медицинаялъул сестраялъул махщелги щун,тIадюссарай гьелъул захIматалъул нух байбихьана районалъул больницаялде хIалтIизе лъугьиналдалъун. Унтараз ва цадахъ хIалтIулез лъикIаб къимат кьола Упиятил хIалтIуе. Гьеб ритIухъ гьабуна тохтур М-расул МухIамадшариповасги.

Упият йиго гIамал-хасият берцинай,унтаразе рекъон кколеб хабар-каламалда кIалъан бажарулей гIадан.

Жиндаго тIадал ишал гьелъ махщалида тIуразарула.Гьей йиго киназулго баркалаялъе мустахIикъай ва хIалбихьи бугей медсестра.

# ГIадамазе хъулухъалда



**Процедуразул кабинет.** Нилъеда лъала кинал хъулухъал гьенир унтаразе гьарулелали. ЦохIо анализазе би бахъи, капельницаби лъей гуребги, гьенир мухIканго цIунизе ккола асептикиял, антисептикиял тIалабалги. Кьокъгьабун абуни, гьеб буго жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи. Пемерисел гIадамазул бидурихьал рукIуна тIеренал, рихьуларел. Гьедин букIиналъ,медсестрабазе захIмалъула гьезде тIаде ккезе. Унтаразги хIехьезе ккола шприцалъ жидеего гьарулел хIалбихьиял. Гьединаб санаг1алъи бахъи букIуна дирги. Районалъул поликлиникаялъул медсестра Жамилат Салмановалъухъе дун ккана тIоцебесеб нухалда. ХIадур йикIана, бидурихьал ратизегIан,цин гъеж,цинги кверал рорлъун,диего гьаризе ругел хIалбихьиязде.Амма дир хIинкъи гIададисеб батана.

Дун хIикмалъун хутIана Жамилатил бажариялда, тIадагьал хIеренал гьелъул кверазда,тIаде рачIаразе гьелъ бицунеб берцинаб каламалда. Жидерго хъулухъ тIубачIого нахъруссине ккаралги камуларо. ГьелъиегIила букIуна, бихьизабураб заманалда гурони, би босулареб букIин.

Жамилат гьаюна Дилим росулъ Абубакар Гъамиевасул ва Мадинал хъизаналда. ГьитIинго анищ букIана гьелъул, эбелго гIадин, медицинаялъул хIалтIухъанлъун яхъине. Школа лъугIун хадусан, гьей ц1ализе лъугьана Каспийск шагьаралъул медучилищеялде. Гьебги лъугIизабун, тIадюссана гIагараб росулъе. Киназулго гуреб букIунеб жидецаго тIаса бищараб махщелиде рокьи. Амма Жамилатил гьелде рокьи цIикIкIараб букIин гьелъул хIалтIулъ бихьула.

*ХI.КАРИМОВА.*

# Х1исабкьеялъул концерт т1обит1ана



Дагьал церег1ан къояз районалъул культураялъул Централда т1обит1ана искусствоялъул школалъул ц1алдохъабазул х1исабкьеялъул концерт.

Гьенире г1ахьаллъана рехсараб школалъул росабалъ ругел филиалаздаса ц1алдохъаби, муг1алимзаби, улбул ва цогидалги.

Гьеб тадбиралда культураялъул отделалъул начальник Абубакар Ибрагьимовас абуна: «**Щибаб соналъ т1обит1улеб гьаб тадбир ккола искусствоялъул школалъул ц1алдохъабаз ва муг1алимзабаз гьабураб х1алт1ул х1асил гьаби. Гьарула нужее щулияб сахлъи, гьабулеб х1алт1улъ лъик1ал х1асилал ва хадусел соназ дагьабги т1адег1анаб даражаялда концертал т1орит1изе х1алги лъик1ал церерахъиналги**»,-ян.

Данделъиялда г1ахьаллъараз ва гьалбаз лъик1аб къимат кьуна искусствоялъул школалъул ц1алдохъабазул бажариялъе ва гьел х1адур гьарурал муг1алимзабазул х1алт1уе.

Тадбир ахиралде щвана рехсараб школалъул директор Бика Г1алхановалъ ц1алдохъабазе ва муг1алимзабазе баркала загьир гьабиялдалъун, ц1алулъ т1ок1лъи бихьизабурал ц1алдохъабазе грамотаби ва выпускниказе свидетельстваби кьеялдалъун.

# Дир мурад буго…

Нилъер умумузул аби буго:«**Бокьуларого гьабулеб х1алт1и-г1азаб, бокьун гьабулеб-рохел**»,-ан. Г1емер руго нилъер районалда жидерго ишалъул унго-унгоял устарзаби, махщелчаг1и. Гьединазул х1алт1и бук1унаро моц1ие бач1унеб харжалда яги г1адамазда гьоркьоб къиматалда бараб, гьеб ккола унго-унголъунго, рак1 разилъун, намус-ях1 ц1унун, гьабулеблъун. Гьединаздасан цояйлъун ккола, жиндир х1акъалъулъ г1емерал лъик1ал раг1аби абизе мустах1икъай, г1амал хасият ва хьвада-ч1вади мисаллъун кколей, лъимал азе лъайгун тарбия кьеялъе г1емерал сонал кьурай Зугьра Маг1адиновна Шираева.



Исана 32 сон т1убала Зугьраца рукъариялде, угьариялде, хьухьариялде ва гь.ц махщелазде лъимал ругьун гьарулел ругелдаса.

З.Шираева гьаюна 1966 соналъ Дилим росулъ. Гьит1инаб мехалдасаго рокьулаан гьелъие зах1маталъул дарсал. 1987 соналъ, т1адег1анаб ц1алул заведениеги лъуг1изабун, байбихьана гьелъ культураялъул Централъул художественнияб школалда х1алт1изе. 2001 сонaлдасан байбихьун, гьей х1алт1улей йиго районалъул искусствоялъул школалъул художественнияб отделалда.



Гьелдаса нахъе, гьоркьоб къот1ич1ого, Зугьраца жиндирго махщалида ругьун гьаруна г1емерал ясал. Гьелда, мух1кан гьабун, лъала жиндирго ц1алдохъабазул г1амал-хасият, бажари ва, гьел х1исабалдеги росун, х1алт1ула гьелгун. Гьелъ х1адурулел лъимал г1ахьаллъула бат1и-бат1иял темабазда гьоркь т1орит1улел выставкабаздагун конкурсазда. Зугьраца ва гьелъ ц1алдохъабаз х1адурарал алатазгун суратаз берцин г1уц1ун буго гьелъул кабинет. Гьеб зах1матаб ва сабру х1ажатаб х1алт1уда батана Зугьрада жиндирго х1алхьи ва рохел. Дунгун ккараб гара-ч1вариялда гьелъ абуна: «**Дие лъимал рокьула, бокьула гьелгун х1алт1изе, дирго махщел бикьизе ва малъизе. Дир аслияб мурад буго лъималазул кверзул махщел цебет1езаби, гьелде рокьи бижизаби. Кинавниги инсанасул кверазухъ бук1уна балъгояб гьунар, гьеб т1атинаби ва гьелдасан пайда босизе ругьун гьари буго дица т1аде босараб масъала. лъималазе бокьула жидерго х1алт1аби рихьизаризе, цогияз гьезие къимат кьезе. Бищунго берцинал х1алт1абазул нижеца т1орит1ула выставкаби, конкурсал, г1ахьаллъула республикаялъулгун районалъул даражаялда т1орит1ула выставкабазда. Гьединал тадбиразде ине ва гьел т1орит1изе нижее квербакъула директор Бика Г1алхановалъ. Гьединго, х1алае ратула культураялъул Централъул х1алт1ухъабиги. Божи буго гьанжеялдаса дагьабги лъик1 нижер х1алт1и цебет1езе, лъималаз ва цогидаз гьелдаса пайда босизе бук1иналда**»,-ян

Рак1бац1ц1ад, бажарун гьабураб х1алт1ухъ Зугьра Шираева цо чанго нухалда к1одо гьаюна бат1и-бат1иял дипломаздалъун, Х1урматалъул грамотабаздалъун ва Баркалаялъул кагътаздалъун, амма сундасаго гьелъие хирияб буго лъималаз ва умумуз рак1-рак1алъ кьолеб баркала.

*Асият Дибирова.*

*Нилъер тарих*

# И ч кI а



МагIаруллъиялъул тарихалда жаниб ИчкIа росдацаги ккола хасаб бакI. Нижер гьитIинабго росу буго Салатавиялъул бакъбаккул рахъалдехун ругел росабазул цоябльун. Гьелъул гIодобльиялде лъугьарабго рак1 хIикмалъизарула тIабигIаталъул берцинлъиялъ. ИчкIа абураб рагIи буго турк мацIалъул ва гьелъул магIна кколеб буго гьури-муч гьечIеб, гIодобе биччараб бакIилан абураб. Хасало гьаниб тIабигIат букIуна цIораб, риидалин абуни, кутакалда багIараб. Гьединлъидал, росу сверун руго квачараб бакIалда рукIунел махил, цIинидул гъутIби, кьилбаялъул рахъалдайин абуни,- карул, цIолбол, цIулакьодул ва цогидалги пихъил гъут1би.

1838 соналъ, Миякьосан Буртунаялде инаго, Шамиль имамас абунила ичкIаязул ракьалде щвараб мехалда тIабигIаталъул берцинлъиялъухъги, гьава-бакъалъул хасияталъухъги.ахакь ругел кьер-кьерал нигIматазухъги балагьун гьаб Шамалъул ракь бугин кколилан.

Жинда Дагъистаналъул халкъалъ божилъи гьабуралдаса хадуб Шамилица кидаго кIудияб кIвар кьолеб букIун буго Салатавиялде рагъулаб ва экономикияб кIвар бугеб бакI хIисабалда. ИчкIаязин абуни, кьокъидго ккун буго имамасул рахъ. Гьенир рукIун руго гьесул божарал гъазизабиги. Гьединго кIудиял чагIаз бицунаан росдаца имамасул муридзабазе кIудияб кумек гьабулааниланги, Гьенир унтаразе гьарулел рукIун руго дараби, рахчулел рукIун руго гIурусазухъа лъутаралги. Гьединго, гьабулеб букIун буго нижер мадугьалзаби-миякьосезги.

1838 соналда пачаясулаз рахIму гьечIеб гIазаб кьун буго кIиябго росдал гIадамазе гIурусазе мукIурлъиючIогунин ва, муридзаби жанир рахчизарун, гьезие кумек гьабунилан. Гьез кьотIун, чIунтизарун руго ахалцин. Нижер ракьцояв Мансуров Шамсудиницаги **"Салатавия"** абулеб жиндирго тIехьалда мухIканго хъвалеб буго Салатавиялъул халкъалъ Шамилил къеркьеялъулъ бихьизабураб бихьинчилъиялъулги лебаллъиялъулги хIакъалъулъ.

1840 соналъул маялда пачаясул аскар бач1ун буго Гертмаялдасахун мутIигIлъулареб ИчкIа кверде босизе. СурхайхIажица росдал жамагIаталде хитIаб гьабун буго гIагараб росу цIунизе къватIибе бахъайилан. ЖамагIаталъ, рохьоса ч1алабиги кьот1ун, гохIда росу абулеб бак1алда гьел лъун руго.

РикIкIадасан гьел ч1алаби ккелел рукIун руго гIарадабильун, Шамилица кIудияб къуват гьенибе рехун бугиланги ккун, пачаяул аскар нахъе ун буго.

Гьеб сихIруялдаса пайдаги босун, ичкIаялъулаз гохIазда гьоркьор бак1азда сангарал гьарун руго. Гьеб бакIалда гьанже Сонгрохъ бакIилан абула. Гьенир жеги цIунун руго хандакъал, ганчIил щулалъаби.Гьеб дандечIеялъулъ бихьинчилъи бихьизабун буго СурхайхIажил вас- МахIамаца. Гьев Шамилгун цадахъ гIахьаллъун вуго цогидал бакIазда ккарал рагъазулъги. МахIамаца, туманкI кьвагьичIого, хадув векерун, чан кколеб букIун бугилан бицунаан ригьалъул г1адамаз. Шамил имамас гьесда абун буго жакъа къоялдаса мун БацIмахIама вугиланцин. Гьелдаса нахъе СурхайхIажил тухумалда БацIмухIамадилалинги абула. Живго СурхайхIажи, кIиабилеб нухалдаги хIеж борхун вачIинаго, Стамбулалда (1870 с.) хола ва гьенивго вукъула.

Сонгрохъ ккараб рагъулъ захIматал ругънал щвана гIезегIан г1олохъабазе, амма гьел къуркьичIо. Гьеб рагъул хIакъикъат лъараб мехалда нижер ракьцояй Асият Идрисовалъ хъвана гьал рагIаби:

***Салатавия - гьайбатаб тIалъи.***<br>
***ГьитIинаб АхIулгохI буго нилъей гьаб.***<br>
***Гьаваялда цIумал дагьалъ лъалхъулел,***<br>
***ЦIудул лебаллъиялъ васал рагъараб,***<br>
***Васият нилъее биялъ хъван тараб,***<br>
***Тарих меседилаб гамачI буго гьаб.***

***МухIамадзапир ГIАБДУЛХIАПИЗОВ, Ичк1а росу.***

*Адабият*

# Ц1иял т1ахьал

*Гьал къояз къват1ире рач1ана Дилималдаса М-апанди Дадаевасул «Г1айиб гьеч1ого г1айибиял» ва Калининаулалдаса Саг1ид Расуловасул «Кьваридаб кьисмат» абурал мажмуг1ал.*

*Т1оцебеселда бицен гьабулеб буго Ват1анияб рагъул соназ Баг1араб Армиялда рук1арал ва немцазул концлагеразде ккарал нилъер районалдаса 147 рагъухъанасул кьисматалъул х1акъалъулъ.*

*К1иабилеб т1ехьалда С.Расуловас бицунеб буго, чачанал высылкаялде рит1ун хадусан, гьанжесеб Ленинаул ва Калининаул росабалъе гочинарурал алмахъазда бихьараб г1акъуба-кьварилъиялъул.*

***Редколлегия.***

## Лъ а з а б и

Бичулеб буго 4 сотых ракьул (план). Руго - зеленка, ток, газ ва пихъил гъут1би. Х1ажалъи ккарал к1алъазе бегьула гьаб номералде: **8 988 260 86 56**

*Спорт –инсанасул сахлъи*

# Футбол



8 июналда Ленинаул росулъ т1обит1ана футбол х1аялъул турнир. Гьенире г1ахьаллъана –Ленинаул, Дилим, Калининаул, Эндирей ва Нурадилово росабалъа командаби.

Миллатазда гьоркьор гьудул-гьалмагълъиялъулалгун вацlъиялъул бухьенал щулалъизариялъул бут1алъун ккелел гьединал тадбирал т1орит1иялда т1ад г1езег1анго х1алт1и гьабулеб буго районалъул администрациялъ. Турниралъул х1урматиял гьалбаллъун рук1ана-районалъул бет1ерасул заместитель И.Б.Салимханов, Ленинаул ва Калининаул росабазул бут1рул, **«Казбекалъул г1олилал»** ДРООялъе нухмалъулев ва футбол бокьулел.

Х1алуцарал х1аяздаса хадуб, баянлъана Нурадилово росдал командаялъ т1оцебесеб бак1 босараблъи, **«Ленинаул»** команда к1иабилеб бак1алде бач1араблъи ва Эндиреялъул командаялъе лъабабилеб бак1 щвараблъи. Призалъулал бак1ал росарал, гьенире г1ахьаллъарал командабазе, районалъул администрациялъул рахъалдасан, гьенир кьуна кубокал, медалал, грамотаби ва футбол х1аялъе тарг1ал.

**«Нижеца х1аракат бахъизе буго гьадинал турнирал хадусел сонazги т1орит1изе»,** -ян абуна И.Салимхановас турниралъул х1асилал гьариялъул данделъиялда.

***И.Булатханов.***

*12 июнь –Россиялъул Къо*

# Дие мун бокьула, Россия!

Гьединаб ах1иялда гьорк, районалъул культураялъул Централда т1обит1ана патриотическиял куч1дул ах1иялъул ва гьел рик1к1иналъул фестиваль. Щибаб байрамалда хурхун гьарулел тадбирал рак1алдаса унареллъун т1орит1изе к1удияб х1аракат бахъула Централъул х1алт1ухъабаз.



Гьенире г1ахьаллъана росабазул культураялъул Рукъзабазул х1алт1ухъаби, ц1алдохъаби ва кеч1 -бакъан бокьулел. Фестивалалъул г1ахьачаг1азда байрам баркиялъул раг1абигун цеве вахъана районалъул культураялъул отделалъул начальник А.К.Ибрагьимов. Балагьаразул рак1азе лъик1аб асар гьабуна -Загьра Умалх1атовалъ, Бесират Г1адуевалъ (Гуни), Саида Аминовалъ (Ичк1а), Марзият Пашаевалъ (Гьозтала), Тайбика Зиралоалъ (Гертма), Лайла Имамирзаевалъ (Алмахъ) ах1арал куч1дуз. Реццалъе мустах1икъал руго куч1дул ах1изе ва рик1к1ине цере рахъарал - Аминат Бигишиева (Ленинаул),Саг1ид Имамирзаев (Алмахъ), Пат1имат Рурах1маева (Хубар) ва Аминат Мажидова (Гертма).

Районалъул культураялъул Централъул рахъалдасан Х1урматалъул грамотабаздалъун к1одо гьаруна фестивалалъул киналго г1ахьалчаг1и.

Данделъи бачана Рисалат Сурхаевалъ.

***Х1.Каримова.***

***БетIерав редактор:***<br>
***Мухтар ГIалиевич Чупалаев***<br>
***тел: 55-48-94***<br>
***Жавабияв секретарь:***<br>
***МухIамад-Шарип***<br>
***ГIабдулашимов***<br>
***тел: 55-48-95***

***Мухбирзаби:***<br>
***ХIалимат Каримова,***<br>
***Ибрагьим Идрисов,***<br>
***Асият Дибирова***

***Фотомухбир:***<br>
***Насрудин Абужанатов***

***Набор: Меседо ХIайбаева***

***Верстка: Марьям АтавхIажиева,***<br>
***Зайнаб ГIабдулмуслимова.***

***Типографиялъул адрес:***<br>
***Хасавюрт шагьар, ООО***<br>
***"Типография№4. ул. Мусаева 42***

***Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.***<br>
***Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.***<br>
***ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.***

***Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"***<br>
***Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,***<br>
***Индекс: 51354***<br>
***Заказ №248 Тираж 1430***<br>
***Багьа - 8 гъур.***

***Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290***

***Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола***

**Сахаб, талихIаб гIумру нужее насиблъаги!**